

# **Rapò paralèl sou keksyon janr**

## **Prensipal rekòmandasyon**

### **Ogmante patisipasyon fanm yo nan aktivite relèvman ak rekonstriksyon**

Se prensip ekite janr ki dwe sèvi kòm gid nan tout kalte aktivite pou repons oswa soulajman apre katastwòf, ansanm avèk koze rekonstriksyon, kèlkeswa jan sa pral fèt. Ogmantasyon viziblite fanm ak lidè òganizasyon fanm se nannan travay retablisman enstitisyon demokratik yo, pandan y ap ranfòse kapasite ak patisipasyon medam yo nan piwo nivo.

- a) Chwazi yon fanm ki pral reprezante Mouvman Fanm lan nan Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon Ayiti (CIRH) e k ap genyen dwa vòt ladan. L ap gen tout dwa pou l founi je l sou fason kowòdinasyon ak ekzekisyon Plan Direktè Gouvènman an ap fèt ;
- b) Menm jan an tou, dwe genyen reprezantan Mouvman fanm lan Nan Konsèy Otorite pou Devlopman Ayiti<sup>1</sup> a, ni nan Komite Konsiltatif Konsèy sila a;
- c) Ede yon gwo monte rive fèt nan patisipasyon fanm, ansanm ak bon jan eksperyans nan travay ak zouti analiz janr nan tout pwosesis k ap sèvi pou rekonstriksyon an, ansanm ak tout pwosesis nasyonan oswa entènasyonan ki gen arevwa ak pawòl rekonstriksyon ;
- d) Pran dispozisyon ki pèmèt aksyon afimatif rive fèt anfavè fanm tankou : prevwa lajan pou frè transpò, gadri pou timoun, pèdyèm ak sekirite ;
- e) Òganize dyalòg sou pwoblematik janr nan soyete sivil la pou ede rakousi distans ki genyen ant òganizasyon fanm lakay ak òganizasyon fanm lot bò dlo nan posiblite pou monte rezo, bati pwogramasyon enpi devlope kapasite yo ;
- f) Rive antre fanm ki maton nan koze janr nan misyon evalyasyon bayè de fon ak ONG pral voye fè enpi verifeye si medam ekpè sila yo fè ekip avèk lòt fanm ann Ayiti pou youn ede lòt konprann e aprann ;
- g) Ede fè ranfòsman enstitisyonèl pou òganizasyon fanm k ap travay nan zafè devlopman ak konstriksyon lapè, san bliye sa ki nan rezo rejyonal yo ;
- h) Nonmen youn Rapotèz Espesyal nan Nasyonzini pou suiv tout sa ki pral fèt, e k ap genyen pou l fè rekòmandasyon. Sa va pèmèt garanti entegrasyon ak enklizyon fanm peyi d Ayiti kòm patisipant oubyen lidèz nan tout etap Relèvman ak Rekonstriksyon peyi a.

Prevwa lajan pou finansman koze sou ekite janr nan planifikasyon Rekonstriksyon an

Nan dokiman PDNA a, yo prevwa sèlman 2 milyon 8 dola meriken pou 6 mwa aktivite, 8 milyon 4 pou 18 mwa e 16 milyon 9 pou 18 mwa aktivite nan zafè janr ansanm avèk tout

---

<sup>1</sup> Konsèy Otorite pou Devlopman Ayiti a pral gen kòm manda pou l enpleman Plan Direktè Gouvènman an.

lòtaktivite transvèsal yo. Pandanstan, nan menm dokiman an, yo mete 505 milyon pou lòjman e 145 milyon edmi pou enfrastrikti nan vil yo.

- a) Ajoute kèk pwèn ki va pèmèt pote repons pou nesese fanm yo nan rebati kay, mete enfrastrikti kanpe enpi nan pran bon jan desizyon ;
- b) Nan kad Rekonstriksyon an, kreye yon fon espesyal pou soutni aktivite estratejik medam yo, sitou lè se gwoup fanm ki fè pwopozisyon. Sektè ki gen priyorite pou envestisman se devlopman ekonomik, sante piblik, nitrisyon, dlo ak ijyèn, refòm administrasyon piblik, pwojè kiltirèl, sous enèji lokal, jistis ak sekirite ;
- c) Dwe genyen yon analiz pwoblematik janr ansanm avèk yon bidjè ki ale nan menm sans sa a nan tout plan ak bidjè ki priyorite. Yo dwe deja montre ni kilès k ap benefisyè, ni endikatè ak kritè ki nesese pou rive atenn objektif ekite janr lan ;
- d) Prevwa lajan, ansanm ak fason l ap distribiye enpi fason y ap suiv jan l pase, pou rive garanti 15 pousan finansman an ap rezève pou monte pwogram ki chita sou koze janr.

### **Abòde planifikasyon makro-ekonomik nan yon mannyè ki bobo ak kesyon janr**

Fason yo konn abitye abòde planifikasyon makro-ekonomik apre gwo katastwòf tankou sa k sot pase ann Ayiti a, kote yo konn bay liberalizasyon ekonomik, privatizasyon ak kwasans endistriyèl anpil enpòtans, konn, san fè espere, rive minen estrateji nasyonal pou ekite janr. Kòm fanm yo reprezante 80 pousan nan fòs travay andeyò a, se yo menm ki pran pi gwo pataswèl lè desizyon pran pou fè biznis ak tè agrikòl oswa privatize yo. Anplis, deske fanm ak gason pa nan yon pozisyon egal ego nan koze travay ak nan koze anndan lakay, se fanm yo ki sibi plis lè Leta aplike politik privatizasyon nan sèvis debaz tankou enèji, kominikasyon, transpò, edikasyon ak laswenyay. Pandan privatizasyon an konn sanble pèmèt biznis blayi plis kote epitou kapital etranje grandi plis, prèske pa gen analiz ki rive demontre nan kisa privatizasyon benefisye moun ki pi pòv yo. Jiskensi, yo pa ko rive bay prèv sektè piblik la mache pi byen lè n ap konsidere, jan tout moun deja rann kont, kokennchenn konsekans lou zafè voye anpil travay leta al fèt nan lòt peyi genyen sou djòb medam yo ki frape plis<sup>2</sup>.

- a) Verifye si tout politik k ap plede pou privatizasyon sèvis<sup>3</sup> de baz, rive fè bezwen fanmiy yo ak kominote a pase anvan, anplis pa sektè prive ak sektè piblik la, san yo pa diminye fasilite moun te gen pou satisfè bezwen sila yo, nan vin fè peye pou sèvis yo ;
- b) Antreprann yon gwo pwogram konstriksyon enfrastrikti piblik pou rive mete sou pye lokal ki nesese nan kad travay enstitisyon k ap bay sèvis nan nivo sante de baz, swen pou timoun ak pou matròn ;
- c) Verifye si Kòd di travay garanti fanm ak gason gen menm dwa nan rekritman pou travay, nan pran promosyon ak nan kòb yo touche, enpi veye tou si yo prevwa proteksyon pou sityasyon fanm ansent ;

<sup>2</sup> Liesl Orr (2001). « Privatization: Its Impact on Women », *National Labour and Economic Development Institute, Policy Bulletin*, Vol 4, No. 3 ; <http://www.naledi.org.za/pbull/vol4no3/v4n3part1.pdf>

<sup>3</sup> Ladan genyen agrikilti, enèji, kominikasyon, transpò, fon pou swen sante ak edikasyon.

- d) Akòde fanm ki pèdi mari yo ak fanm ki se alatèt fanmiy yo fasilite pou yo jwenn kredi nan to ki alapòte yo, yon fason pou yo rive bati osnon rebati kay yo, oubyen monte biznis oswa devlope biznis pa yo. Anmenmtan, fòk gen dispozisyon ki pran pou garanti l ap vin pi fasil pou yo rive posede yon moso tè oubyen yon kay gras a kredi san okenn enterè sou li. Dwe gen sipò ki prevwa ni pou kowoperativ medam yo ni pou finanse yon pwogram kay lwaye bon mache ;
- e) Pran tout mezi ak prekosyon ki nesese pou pwoteje djòb medam yo sizoka ta vin gen desizyon k ap pran pou voye yon pati nan travay leta al fèt nan lòt peyi etranje ;
- f) Verifye si pa gen yon vizyon krochi sou zafè janr ki fofile nan kad makroekonomik yo enpitou, tanzantan fè kèk evalyasyon nan tout peyi a sou bezwen fanm yo nan pawòl dlo, ijyèn, enèji, enpi fè pledwaye pou refòm ak redrèsman ki nesese ;
- g) Fè promosyon pou estrateji ekonomik ki rekonèt enpòtans istorik fanm genyen nan antreprann biznis ki gen arevwa avèk komès, ansanm ak pwodui agrikòl ak pwodui lapèch. Envesti tou nan kapasite medam yo owayen bon jan kredi, nan ede mete kalifikasyon yo a nivo e nan kwape vizyon krochi ki ka anpeche yo jwenn rout aktivite ekonomik ;
- h) Apiye biznis fanm ap jere ni tou aktivite ekonomik ant medam yo tankou achte oswa voye vann lòtbò dlo, agrikilti, lapèch, ak sektè domestik ki sanble ta ka pwofite apwovizyonman Nasyonzini<sup>4</sup> enpi
- i) Mande pou prensipal sou-kontraktè multilateral ak bilateral antre plan dakasyon pou koze janr nan desizyon ki gen arevwa ak investisman e apwovizyonman.

### **Envesti nan Pwoteksyon sosyal, Rekonstriksyon enfrastrikti de baz enpi nan estrikti pou enèji**

Konsekans tranbleman tè a ale pi lwen pase kantite moun mouri oswa kantite moun ki nan sitiyasyon ki ka mennen lanmò. Dèske ann Ayiti mwatye alatèt fanmiy se fanm, sa kreye yon sitiyasyon ki gen konsekans manch long pou lavi timoun ak òfelen, inite nan fanmiy yo ak posibilite posede moso tè. Sou dènye pwen sa a, fanm ayisyèn ap konfwonte gwo pwoblèm : apèn si gen plis pase 10 pousan nan yo k ap travay sou pwòp bitasyon<sup>5</sup> pa yo andeyò. Anpil nan medam yo ak anpil granmoun fanm ki te espere jwenn pitit yo pou okipe yo nan vye laj, sètoblije koulye a ranmase chay pwòp paran pa yo, ti òfelen e menm pitit ki deja nan grandèt. Lè n ap konpare pwogram sekirite ki la pou yon ti bout tan ak pwogram pwoteksyon sosyal ki vize yon tan bon jan pi long, nou remake, an jeneral, dezyèm kategori sila a mande pou Leta jwe wòl prensipal la.

- a) Louvri parasol asirans sosyal la pi laj pou l rive pwoteje medam yo, enpi bay fanm yo mwayen lajan pou yo kapab soutni tèt yo, yon fason pou yo pa oblije fè komès oswa tranzaksyon avèk kò yo pou moso manje, oubyen sibi nenpòt lòt kalte sitiyasyon

<sup>4</sup> Konsilte, pa ekzanp : <http://www.haiti.buildingmarkets.org>

<sup>5</sup> Konsilte One Response, Briefing kit gender for Haiti :

<http://www.oneresponse.info/crosscutting/gender/Documents/Briefing%20kit%20gender%20Haiti.pdf>

eksplowatasyon seksyèl. Osi, ofri medam yo garanti y ap jwenn laswenyay ananm avèk asirans-chomaj (ke yo pa janm konn bay fanm nan sektè enfòmèl lan) ;

- b) Investi nan mete enfrastrikti kanpe pou okipe sante timoun e prevwa mwayen tranpò ki ofri bon jan sekirite, yon fason pou chay ki vin anpile sou do fanm yo apre katastwòf la rive diminye. Apiye pwogram èd alimantè, transfè lajan, sibvansyon pri pwodui debaz, pwogram travo piblik ak asirans-maladi ;
- c) Veye pou medam ki pèdi mari yo ananm ak lòt fanm yo benefisye privilèj sitiyasyon apre katatwòf tankou vin posede yon teren oswa yon kay, resevwa yon rekonpans sou fòm lajan oubyen yon lòt kalte èd, pou pèdans yo sibi nan tout osnon yon pati nan byen oswa pwopriyete yo;
- d) Bay asirans tout pwogram ki vize jwenn yon ranplasman pou chabon bwa (pou diminye koze koupe pye bwa a) ap gen mezi akonpayman pou ede pwodiktè agrikòl yo regle zafè yo pi byen ;
- e) Investi nan teste sous enèji altènatif, pwòp oswa renouvlab (solèy, van, chalè, elt.) pou reponn a nesesitye fanmiy ak kominote<sup>6</sup> yo. Investisman nan estrikti pou enèji ibrid ti dimansyon kapab pèmèt reponn a beswen esansyèl kominote<sup>7</sup> yo tankou mete poto lanp nan lari, yo bagay ki gen enpòtans kapital nan asire sekirite fanm ;

## **Garanti yon apwòch egalite janr nan gouvènans ak administrasyon piblik**

Kreyasyon Ministè pou Kondisyon ak Dwa Fanm te poze yon jalon enpòtan pou Ayisyèn yo. Tout aksyon k ap vize pou retabli gouvènans ak kapasite ki gen arevwa avèk koze sila a dwe asire yo deja prevwa tout resous k ap nesese pou rekonstriksyon, anplwaye moun pou travay e lòt resous ki dwe pèmèt Ministè a mache. Ekzistans baryè ki konn anpeche fanm aksèpte gwo reskonsablite nan enstitisyon politik e rive pran desizyon nan zafè leta mande yon angajman espesifik pou atake eleman k ap frennen fanm lè yo konsidere prezante tèt yo nan eleksyon oubyen ekzèse dwa vòt yo libe libè ;

- a) Verifye si nan ka desantralizasyon sévis debaz yo, li klè kisa bezwen priyorite yo ye nan kesyon sante, edikasyon, sekirite piblik enpi si y ap genyen tout resous ki nesese ;
- b) Tabli yon sistèm kota kote dwe genyen 50 pousan fanm ak reprezantan lòt gwoup sosyete sivil la nan komite devlopman lokal yo ;
- c) Veye wè pou se rekonstriksyon lekòl, estrikti pou swen sante ak mache piblik ki gen priyorite ;

---

<sup>6</sup> Chabon se sous enèji ki sanble pi itilize pou fè manje (anvan ak apre katastwòf la) men sa pa klè kijan bezwen sa a pral satisfè jounen jodi a.

<sup>7</sup> Èd pou fanmi yo dwe yon priyorite ananm avèk investisman pou enèji nan « vil prensipal arondisman ak distri k ap gen yon wòl enpòtan pou jwe nan etablisman zòn komèsyal, touristik, endistriyèl e agro-endistriyèl » - jan sa di nan dokiman PDNA a.

- d) Kreye opòtinite pou sektè andeyò osnon lavil yo abitye kite sou kote, tankou fanm, vin gen garanti y ap patisipe nan tout inisyativ sektè prive a pral pran nan zafè devlopman ekonomik;
- e) Apiye refòm elektoral, lejislatif e kontitasyonèl ki pran koze janr lan an konsiderasyon e ki bay sistèm kota yon gwo plas, pandan y ap soutni dwa sosyal, dwa sivil ak dwa politik. Jefò sila yo dwe pèmèt ogmantasyon patisipasyon fanm ni nan gouvènans ni nan nivo pòs elektif ;
- f) Pandan dispozisyon ap pran pou remete kanpe yon bon jan kantite resous kalifye pou travay, apiye sistèm kota yo, ansanm avèk kondisyon sa mande, pou ogmante patisipasyon fanm nan gouvènans ak nan pòs elektif, sitou nan :
- plan fòmasyon ki prevwa pou l Ekòl nasyonal administrasyon ak politik piblik kote yo dwe rezève 50 pousan plas yo pou fanm ;
  - jefò espesyal k ap fèt pou anplwaye profesyonèl ak teknisyen nan Dyaspora peyi d Ayiti dwe konsidere obligasyon famiyal, oswa lòt kalte, yon fason pou yo fasilite patisipasyon fanm ;
  - rekritman jenn moun kalifye ki fèk diplome dwe montre yo chwazi menm kantite fanm ak gason ;
- g) Ankouraje ekzistans yon l Ekòl nasyonal administrasyon ak politik piblik, yon fason pou gen garanti chak fwa l ap pran moun, 50 pousan ladan se pral fanm, enpitou
- h) Deplwaye jefò espesyal pou sèvi ak konesans oswa eksperyans fanm ki kalifye genyen nan koze sèvis piblik.

## **Fè prevansyon kont eksplwatasyon ak vyolans kont fanm poutèt yo se fanm**

Ankèt ki sot fèt ann Ayiti montre medam yo, sitou ti jenn fi ki pa ko gen 18 lane, reprezante gwoup ki riske sibi vyolans seksyèl<sup>8</sup> pi fasil. Menmsi leplisouvan vyolans seksyèl se yon bagay ki fèt ankachèt, li rete yon gwo andikap nan koze relèvman ak rekonstriksyon. Li diminye posiblite pou fi an jeneral ekzèsè dwa e lidèchip yo, ansanm avèk kapasite pou yo kontribiye tou nan keksyon devlopman an. Se pa kapasite alevini ak sante yo li afekte sèlman, se tout jan sosyete a wè yo antan ke moun ki gen lavwa ochapit nan desizyon k ap pran apre katastwòf la. Jiskensi, repons yo bay anfas vyolans seksyèl toujou rete yon bagay sou do men, ki pa benefisye anpil resous e ke chak moun prezante nan fason pa yo lè y ap fè evalyasyon aktivite nan relèvman oswa rekonstriksyon, nan kad travay ak nan plan priyorite.

- a) Antreprann yon refòm omwayen yon revizyon total kapital mòd repons yo bay pwoblèm sekirite ki makonnen ak koze janr. E nan menm sektè sekirite a, se pou prese prese yo mete kanpe yon sistèm ki pèmèt transparans ; politik rekritman, seleksyon ak fason pou kenbe pèsonèl ; pwosedi espesyal pou anrejistre krim ki fèt

<sup>8</sup> Byen ke kategori agresyon seksyèl yo varye, laplisa sa yo rapòte yo pale de kadèjak avèk penetrasyon. Anplis, pifò zak agresyon seksyèl yo fèt anba tant, nan lari oubyen sou plas piblik. Konsilte University of Michigan and Small Arms Survey (2010).

sou fanm enpi pwoteje viktim yo ; estrikti lapolis ki pran koze janr lan an konsiderasyon nan deplwaman polisye yo, nan fè evalyasyon risk, nan rechèch, nan ranmase enfòmasyon enpòtan sou krim avèk agresyon, ansanm avèk itilizasyon sistèm ki pèmèt jwenn enfòmasyon ki deja ekziste<sup>9</sup> ;

- b) Ankouraje fòmasyon sou vyolans seksyèl oubyen ki chita sou janr pou polisye ak pou manm UNPOL, veye pou fanm yo jwenn yon kote apa e an sekirite nan komisarya polis pou yo kapab alèz pou bay rapò sou ka yo genyen, fè pwomosyon pou kota anndan lapolis la ansanm avèk patrouy e brigad fanm polisye, mete liy telefòn rezève pou fanm enpitou pi gwo enfrastrikti pou ogmante pwoteksyon ak sekirite. Gen ekzanp ki deja montre yon pi gwo patisipasyon fanm nan estrikti fòmèl sekirite piblik nan nivo MINUSTAH ak Polis Nasyonal, ni pami sèten ONG ak òganizasyon sosyete sivil lan, nasyonal ou entènasyonal. Jefò sila yo merite ankouraje e dwe ogmante ;
- c) Bay lòt sektè k ap fè aplike lalwa plis enpòtans (pa ekzanp fòs mentyen lapè, ladwann, prizon, imigrasyon), ni sila k ap fè travay kontwòl (tankou Ministè Finans, Tribinal, Ministè Enteryè), san bliye fè idantifikasyon ki kalte risk eleman sekirite ki pa t prevwa nan règleman ka represante pou fanm ;
- d) Veye pou fanm rive jwenn sèvis lajistis omwayen refòm legal ki pral pèmèt, yon bò, sistèm jistis fòmèl ak sistèm jistis tradisyonèl sispann depaman, e yon lòt bò, pou yon konfòm ak prensip dwa moun. Lè gen desizyon ki pran pou kaba diskriminasyon sou baz janr, sa mande tou pou genyen sipò teknik pou antreprann refòm konstitisyonèl, lejislatif, elektoral enpitou nan lajistis, san bliye revize règleman lapolis ;
- e) Ogmante èd jiridik ak alfabetizasyon legal pou fanm, fè repòte enpi suiv vyolasyon dwa fanm yo pandan garanti ap bay pou yo jwenn reparasyon ak restitasyon, anmenmtan y ap jwenn fòmasyon ak ranfòsman kapasite yo nan ki chita sou janr ;
- f) Ancouraje fanm pou yo vin pi djanm nan koze ekonomik gras a fòmasyon teknik (avèk analiz sitiyasyon ekonomi an pou rann kont ki beswen yo genyen), jwenn plas travay enpi benefisyè ti kredi pou ede yo kanpe sou de pye yo kòm sadwa. Sa se yon estrateji-cle nan fè prevansyon manch long kont vyolans seksyèl ak vyolans ki chita sou janr ;
- g) Amelyore mwayen ki pèmèt ofri viktim yo sipò, suiv enpi rapòte pi byen ka vyolasyon dwa moun, enpi sèvi ak solisyon yo deja jwenn nan enstitisyon k ap fè entèvansyon nan koze vyolans seksyèl oubyen vyolans ki chita sou janr ;
- h) Reponn a bezwen viktim vyolans yo, swa pa mwayen counseling, nan founi yo grenn kontraseptif, oswa pa tretman profilaktik kont VIH/Sida.

## **Fè promosyon sektè-kle yo ki genyen tou agrikilti, elvaj avèk lapèch**

Nan dokiman PDNA a, sektè yo bay plis enpòtans yo se agrikilti lokal avèk lapèch, faktori k ap fè rad, vizit touris ak pwodui kiltirèl. Anpil nan bayè de fon bilateral osnon multilateral yo pito investi nan kokennchenn pwojè travo piblik pou refè rezo wout ak elektrisite peyi a,

<sup>9</sup> Pa ekzanp travay Konsèstasyon Nasyonal la.

ansanm avèk netwayaj debri tranbleman tè te lakòz. Lè nou konnen plis moun k ap jwenn travay nan aktivite konstriksyon ak netwayaj sa yo se gason, nou rann kont yo kapab vin pwofite rekonstriksyon an plis pase medam yo.

- a) Jwenn yon ekilib nan manyè planifikasyon ap fèt e nan fason sipò ap bay pou devlopman agrikilti, elvaj ak lapèch ki va pèmèt konsiderasyon gen tan fèt pou korije mòd divisyon travay tradisyonèl la, espesyalman pou fanm sektè enfòmèl la ;
- b) Veye wè si se wout agrikòl yo bay priyorite pou desanklave bitasyon yo e verifye si yo prevwa fon pou mwayen transpò ki ka fasilite fanm monte desann san kè sote ;
- c) Refinansman ak rekapitalizasyon biznis agrikòl yo dwe pèmèt moun k ap travay nan agrikilti mezi pou soutni kè, ansanm avèk ti pwodikte oswa pwodikte ki pi pasab yo, rive benefisyè kredi nan to ak kondisyon ki akseptab ;
- d) Bay aktivite k ap fèt andeyò a jarèt e sitou bay koze ki gen arevwa ak enfastrikti pou pwodiksyon plis enpòtans (sistèm irigasyon, siyon agrikòl), ansanm avèk devlopman aktivite tankou reforestasyon, pwodiksyon fouraj, reyalizasyon estrikti kont erozyon nan zòn ki sentire vil yo, elt.;
- e) Rekonèt tranbleman tè a dijou olandmen ogmante pakèt chay ki te deja sou do fanm ak fanmiy yo nan zafè okipe moun. Li ta sanble ke 90 pousan nan tout swen sante yo reyalize anndan lakay san pa gen konpansasyon pou sa, san fòmasyon pou fè l e san pa gen yon lòt moun deyò k ape de fè l. Premye moun k ap reponn alapè nan moman sa yo a, se manm fanmi an, an jeneral madanm oswa pitit fi (men lè se medam yo ki malad, yo resevwa mwens swen avèk atansyon<sup>10</sup>).

## **Envesti nan sante fanm**

Ajans nasyonzini FNUAP kalkile gen apeprè 63 mil fanm ansent ki t ap viv nan zòn tranbleman tè a maltrete e ta genyen 7 mil mil ladan yo ki akouche nan mwa apre a. Anvan katastwòf la, peyi d Ayiti te gen pi gwo to mòtalite nan pati oksidantal lemonn. Konsa, se preske 670 fanm ki konn mouri sou 1,000 akòz konplikasyon yo konn genyen nan gwosès yo e se sèlman 26 pousan nan tibebe ki fèt ki benefisyè prezans yon pwofesyonèl lasante. Anpil fanm, jenn fi ak ti fiyèt pèdi manm yo e soti andikape, kidonk yo vin fè pati moun ki pa kapab deplase fasil nan gwoup viktim tranbleman tè a. Poutèt yo pa t kapab jwenn medikaman fasil, tankou antibiyotik, san, pansman, terapi fizik oubyen kèk swen reyabilitasyon, sitiyasyon sa a vin pèmèt plisyè nan yo rete enfim ou menm prèske bandonnen, ak gwo pwoblèm pou rive jwenn manje, dlo e menm pou ale nan latrin, bagay ki fè y ap pi fasil viktim agresyon seksyèl, kadèjak ak volé. Nou ka di nouvo andikape peyi d Ayiti yo, ki gen fanm ak ti medam yo ladan, ansanm ak nesosite pou jwenn protèz, reprezante yon pwoblèm priyorite pou peyi a.

---

<sup>10</sup> Maladi oswa enfimite moun grandèt nan fanmiy ki pòv yo kapab lakòz timoun, sitou ti fi, pa frekante lekòl pou rete lakay pou laswenyay ou lòt kalte èd. Lè pa gen dekwa okipe zanfan yo, yo konn voye y al viv ka lòt fanmiy, kay vwazen oubyen menm lage yo nan lari pou kont yo. Kòm byen fanmi an ap fòn vit pandan mwayen pou fè lajan vin ra, fanmiy ak timoun ki viktim tranbleman tè a kapab vin lage sou kont paran ki deja granmoun e ki yo menm depann de pwòp pitit pa yo.

- a) Fòmè pwofesyonèl lasante e bay sèvis sante fanm sipò, ke yo pèmanan yon kote ke yo mobil, enpi ekipe estrikti medikal yo ak zouti konsiltasyon e materyèl nesèsè tankou kontraseptif pou fanm ak gason, ansanm ak kontraseptif pou sitiyasyon ijans ;
- b) Kote y ap fè akouchman, prevwa sa ki nesèsè pou travay espesyalis k ap bay tibebe an detrès yo asistans. Founi materyèl debaz tankou kabann, dra, oksijèn, pètissen, sipleman pou nitrisyon, pwodui pou trete dlo, protèz oubyen swen pou andikape, san bliye enstriman debaz tankou monitè kadyak nan sal akouchman yo pou tibebe ;
- c) Ogmante fon ki anvizaje pou sèvis obstetrik e pote yon atansyon espesyal pou fanm ansent. Ogmante tou sipò ki prevwa pou moun k ap ede fè akouchman enpi pou matròn. Konsiderasyon sa yo dwe fèt tou pou swen prenatal e swen apre akouchman, ni pou cousting avèk alètman, si sa nesèsè.
- d) Ofri fanm yo èd sikolojik pou fasilite yo fè fas devan pèt yo sibi oubyen lòt chòk yo pran nan tranbleman tè a, tankou gwo krentif pou lavni akòz pèt sila yo, sitiyasyon kote yo retrouve yo san kay, enpi ap viv san okenn mwayen ;
- e) Apiye yon plan nasyonal sekou pou VIH/Sida kote ap genyen fasilite pou fè tès sida rapid ansanm avèk tretman pou fanm ansent ki enfekte, espesyalman nan provens, avèk tès ak tretman pou STD, TB ak malaria, cousting pou moun ki sibi kadèjak enpitou swen pwofilaktik pou moun ki te gen kontak ak viris sida a.

### **Apiye planifikasyon ansanm ak pwogramasyon chifre nan kad Relèvman ak Rekonstriksyon an**

Fyabilite ak reprezantativite bon jan enfòmasyon chifre ki konsidere laj avèk sèks moun ki konsène yo se de pwon fondalnatal nan konsepsyon, enplemantasyon ak suivi-evalyasyon pwogram ki antre koze janr nan analiz yo. Kalte enfòmasyon sa yo esansyèl pou tabli etid debaz ki pral pèmèt chwazi kritè ak objektif. Omwen fòk jefò ta fèt pou :

- a) bay sipò pou anrejistreman enfòmasyon ki vital ansanm avèk kolèk enfòmasyon chifre nan operasyon rutin pou resansman, avèk analiz ki fè bon ranmase san kite anyen sou kote ;
- b) Ranfòse kapasite nasyonal pou siveyans de rutin nan nivo piblik ak prive, ansanm ak ankèt sou sektè ki priyorite yo, tankou sekirite fanm, et
- c) Reyalize yon evalyasyon sitiyasyon apre katastwòf la sou bezwen espesifik fanm avèk kapasite nan tout sektè, enpitou avèk prezans ekspè fanm nan koze janr nan tout evalyasyon, misyon k pral sou teren, vizit ak rankont espesifik, fòmèl osnon enfòmèl.